

## BAB V

### KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

#### 5.1 Kacindekan

Ieu panalungtikan miboga udagan pikeun mikanyaho kandaga kecap naon waé nu aya dina basa Sunda dialék Tasikmalaya di Kacamatan Karangnunggal. Satuluyna dianalisis ciri pangbéda jeung basa Lulugu, wangun kecapna, jeung dialéktométri katut pemetaanana.

*Kahiji*, tina 417 kecap BSL anu diujikeun ka informan kapanggih 339 kecap anu kaasup kana dialék Tasikmalaya di Kacamatan Karangnunggal.

*Kadua*, basa Sunda dialék Tasikmalaya di Kacamatan Karangnunggal miboga bébédaan ciri jeung basa Sunda lulugu nyaéta aya 44 kecap anu miboga pangbéda fonétik, 7 kecap anu miboga pangbéda morfologis, 2 kecap anu miboga bébédaan homonimi, 281 kecap anu miboga bébédaan sinonimi, 17 kecap anu miboga pangbéda onomasiologis, jeung 11 kecap anu miboga pangbéda semasiologis.

*Katilu*, dumasar wangun kecapna, dina basa Sunda dialék Tasikmalaya di Kacamatan Karangnunggal kapanggih aya 222 kecap salancar. Kecap salancar anu kapanggih aya dina tilu pola engang, nyaéta pola dua engang, pola tilu engang, jeung pola opat engang. Dina pola dua engang kapanggih 11 pola, kecap BSDT anu panglobana aya dina pola KV-KVK nyaéta 81 kecap. Dina pola tilu engang kapanggih 10 pola, kecap BSDT anu panglobana aya dina pola KV-KV-KVK nyaéta 33 kecap. Dina pola opat engang kapanggih 5 pola, kecap BSDT anu panglobana aya dina pola KV-KV-KV-KVK nyaéta 6 kecap. Salian ti kecap salancar, dina BSDT kapanggih 102 kecap jembar. Tina 102 kecap téh aya nu kaasup kecap rundayan, kecap rajékan, kecap kantétan, jeung kecap wancahan. Dina kecap rundayan kapanggih 41 kecap anu aya dina 10 pola. Kecap anu panglobana aya dina pola *D + an*. Dina kecap rajékan kapanggih 24 kecap, 7 kecap kaasup kana rajékan dwilingga, 4 kecap kaasup kana kecap rajékan dwi murni jeung 3 kecap kaasup kana kecap rajékan dwiréka. Salian ti éta, kapanggih ogé 17 kecap anu kaasup kana kecap rajékan dwipurwa. Dina kecap kantétan kapanggih 30 kecap anu aya dina 7 pola. Kecap BSDT anu panglobana aya dina pola KB + KB. Dina

kecap wancahan kapanggih 7 kecap. Tina 7 kecap téh aya nu kaasup sirnamadya, sirnapurwa, kecap memet, jeung tingkesan.

*Kaopat*, bébédaan basa Sunda dialék Tasikmalaya di Kacamatan Karangnunggal jeung BSL nyaéta 42,68 %. Hartina, basa Sunda dialék Tasikmalaya di Kacamatan Karangnunggal kaasup kana béda subdialék. Tina 339 kecap basa Sunda dialék Tasikmalaya di Kacamatan Karangnunggal, dipetakeun dina 178 peta sebaran.

## 5.2 Implikasi jeung Rékomendasi

Hiji panalungtikan tangtu miboga kaonjoyan jeung kahéngkéranna séwang-séwangan. Dina ieu panalungtikan tinangtu masih kénéh loba kahéngkérana. Sanajan kitu, dipiharep ieu panalungtikan bisa ngeuyeuban élmu pangaweruh hususna dina widang kabasaan. Aya sababaraha saran jeung rékomendasi anu ditujukeun ka sababaraha pihak, di antarana waé (1) lembaga, hususna lembaga basa jeung sastra Sunda, (2) mahasiswa, jeung (3) panalungtik satuluyna. Pikeun **Lembaga Basa jeung Sastra Sunda**, salaku lembaga anu ngamumulé basa Sunda dipiharep bisa kaeuyeuban ku ieu panalungtikan. Atuh bakal leuwih hadé saupama ieu panalungtikan bisa jadi bahan invéntarisir kandaga kecap basa Sunda nu aya di Tasikmalaya Kacamatan Karangnunggal. Pikeun **mahasiswa** hususna Departemen Pendidikan Bahasa Daérah, dipiharep ieu panalungtikan bisa jadi bahan référénsi atawa bahan babandingan dina mata kuliah Sociolinguistik. Pikeun **panalungtik satuluyna**, dipiharep aya panalungtikan satuluyna anu nalungtik basa Sunda hususna dina widang dialék di Tasikmalaya. Salian ti éta, dipiharep aya anu nuluykeun ieu panalungtikan sacara nyosok jero kalayan daptar pananya anu leuwih euyeub.